



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETAP FONDAMANTAL MAJÈ NAN TEKNOLOJI REKONESANS FASYAL AK 21,000 KA FWOD KE YO AP ANKÈTE SOU YO

Teknoloji Modèn yo Ap Pwoteje Nouyòkè yo Kont Chofè A Wo Risk Ki Potansyèlman Danjere ye, Fwod, ak Vòl Idantite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Pwogram Teknoloji Rekonesans Fasyal (Facial Recognition Technology Program) Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles, DMV) te idantifye plis pase 21,000 ka vòl idantite posib oswa fwod yo depi lansman li, ak plis pase 7,000 nan ka sa yo ki te jenere nan dènye 18 mwa yo sèlman. Etap fondamantal sa se gras an pati a modènizasyon teknoloji majè yo an Janvyè 2016 ki te double kantite pwèn mezi yo ki te katografye ak chak fotografi chofè, amelyore anpil abilite sistèm lan pou fè yon foto koresponn ak yon lòt ki deja egziste nan baz done a, epi idantifye moun ki gen de oswa pi plis idantite. Jiska dat, ankèt sa yo te pèmèt yo fè plis pase 4.000 arestasyon ak plis pase 16.000 moun ki ap fè fas a aksyon administratif.

“Itilizasyon teknoloji rekonesans fasyal sa te pèmèt fòs lapolis yo pou konbat fwod, vòl idantite, ak lòt enfraksyon yo - retire chofè kriminel ak danjere yo sou wout yo epi ogmante sekirite otowout New York yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou kenbe moun ki ap komèt fwod yo responsab, epi pwoteje serenite ak sekirite tout Nouyòkè.”

Mwen arestasyon ki te rive nan rejyon ki annaprè yo:

Vil New York - 122
Rejyon Kapital - 48
Long Island- 56
Mid-Hudson Valley - 48
Rejyon Lwès New York - 10
Finger Lakes - 6
Southern Tier - 6
New York Santral - 5

“DMV ap mete moun ki pral komèt fwod yo an gad: nou pa pral pèmèt moun manipile sistèm lan ak divès lisans oswa idantite ke yo vòlè”, **se sa Terri Egan, ki se Komisè Adjwen Egzekitif DMV, te deklare.** “New York se yon politik senp: yon chofè, yon rejis.

Si yo sispann oswa revoke lisans ou, jou pou jwenn yon dezyèm lan pou eseye kontinye kondwi sa fini”.

Yon etid twa ane nan pwogram rekonesans fasyal la ki te fèt pa Enstiti pou Rechèch ak Jesyon Sekirite Sikilasyon (Institute for Traffic Safety Management and Research, ITSMR), ki kouvri peryòd Fevriye 2010 rive Janvye 2013, li te montre ke chofè ki gen rejis lisans divès yo poze yon risk sekirite sikilasyon grav sou otowout New York yo. Nan plis pase 12,300 ka ki enplike chofè ki gen rejis lisans miltip yo ki se pwoblèm fwod posib yo, 24 pousan pa te gen yon lisans valid sou idantite reyèl li.

Investigatè DMV yo ap travay avèk yon kantite ajans lapolis lokal, eta ak federal pou mete men sou moun ke yo jwenn avèk èd teknoloji rekonesans fasyal la ki jeneralman ap fè fas a youn oswa plizyè chak krim. Etid ITSMR lan te montre ke anviwon 50 pousan nan sila yo ki idantifye kòm moun ki gen rejis lisans divès yo apati rekonesans fasyal yo te jwenn dezyèm rejis yo lè yo te sispann oswa revoke lisans orijinal yo.

Ajans lan kontinye konsantre ankèt yo sou moun ki te jwenn lisans CDL yon fason fwodile oswa lòt lisans pou anbochaj yo, epi depi 1 Jen 2017, plis pase 30 moun te kondane pou modèl enfraksyon sa yo.

Egzanp ka resan yo gen ladan yo:

- Yon demenajè mèb ki te vòlè yon idantite kliyan epi li te eseye jwenn yon lisans chofè New York sou non moun sa men yo te refize li. Li te apre sa ale Florida, epi li te jwenn yon lisans sou non kliyan sa lòt bò a, li te lwe yon machin, pran 50,000 dola kach nan kont viktim lan, epi li te resevwa yon livrezon ki ranpli mèb fwodile lè yo te arete li.
- Yon chofè ki gen de lisans CDL ki te achte idantite yon gason ki nan prizon Pòtoriko. Chofè a te posede yon konpayi kamyon sou non reyèl li men li te gen kat kondanasyon DWI sou idantite sa. Li te itilize dezyèm idantite a pou jwenn yon lòt lisans CDL epi kontinye kondwi veyikil konpayi li yo. Lè yo te arete li, anketè yo te jwenn ke twa lòt moun te itilize menm idantite ke yo te vòlè a pou jwenn lisans nan Connecticut, Florida, ak Massachusetts. Anketè DMV yo te enfòme lòt jiridiksyon yo epi yo te poze aksyon administratif ak kriminel kont lòt twa moun yo.
- Yon gason ki te itilize yon Pyès Idantite yo te vòlè, menm jan ak idantifikasyon reyèl li, pou kolekte avantaj Sekirite Sosyal yo sou toulède non yo. Li tou te gen yon paspò sou fo non an.
- Yon lòt moun ki sispèk ki gen de idantifikasyon ki te travay epi posede yon kay sou non reyèl li te kolekte avantaj chomaj sou fo idantite li.

Lanse an premye an Fevriye 2010, sistèm rekonesans fasyal New York lan te modènize an Janvye 2016 pou double kantite pwen mezi yo soti 64 pou rive 128, epi amelyore anpil abilite sistèm lan pou fè koresponn yon fotografi pou yonn ki deja egziste nan baz done DMV a. Nouvo sistèm lan pèmèt kapasite pou sipèpoze imaj yo, envèse koulè ak konvèti imaj yo an nwa ak blan pou pi byen wè sikatris yo epi idantifye eleman idantifikasyon sou vizaj la. Diferan kalite cheve, linèt, ansanm avèk lòt karakteristik ki chanje avèk tan, sa pa anpeche sistèm lan pou li fè fotografi yo koresponn. DMV pap

bay pèmi kondwi oswa Idantite ki pa lisans chofè jiskaske nouvo fotografi ki kaptire a efase atravè nouvo sistèm rekonesans fasyal la.

Moun ke yo arete ki baze sou ankèt ke yo te fè apre yon rekonesans fasyal ki koresponn yo jeneralman kondane avèk yon deklarasyon fo dokiman, falsifikasyon dokiman piblik yo, ak falsifikasyon. DMV travay tou avèk plizyè lòt eta, itilize teknoloji rekonesans fasyal pou idantifye detantè CDL yo kap eseye eksplwate pwosesis lisans endividyèl eta pou evade tikè trafik, fè fwod asirans, ak/oswa evite evalyasyon responsabilite chofè.

An Otòn 2015, New York te travay ansanm ak Eta New Jersey epi li te idantifye 62 moun ki gen Pyès Idantite nan toulède Jiridiksyon yo. An plis de New Jersey, New York ap travay kounye a ansanm ak Maryland ak Connecticut pou idantifye moun ki gen divès lisans CDL yo. Si tranzaksyon an date twò lontan pou pouswiv pèsekisyon kriminèl, DMV toujou kapab kenbe moun yo responsab nan revoke lisans yo epi deplase tout kontravansyon, kondanasyon, ak aksidan nan vrè dosye moun nan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418